

## **142 Annou preche tout kalite moun**

(1 Timote 2:4)

1. Se dezi pa'n pou'n imite Bondye,  
Menm jan avè'l nou pa nan paspouki.  
Li akeyi moun ki sot tout kote,  
Yo obeyi'l, e l'ap ba yo lavi.

**(REFREN)**

*Se pa nou menm k'ap chwazi,  
Nou pa gad moun sou figi,  
Mesaj Bondye a tout moun dwe tandé.  
Nou ba'l anpil enpòtans,  
N'ap preche avèk pasyans  
Pou moun ki vle ka vin zanmi Bondye.*

2. Nou preche kèlkeswa moun nou jwenn nan.  
Nou pap gade pèsonn sou aparans.  
Si nan kè yo, yo vle fè bon chanjman,  
Pou Jewova, se sa'k gen enpòtans.

**(Refren)**

3. Jewova ap resevwa ak de bra  
Tout moun ki chwazi pou bay monn nan do.  
Kòm nou konn sa, n'ap gaye mesaj la.  
Nan tout peyi, n'ap enfòme moun yo.

**(Refren)**